

Avi sou Aplikasyon Konfidansyalite HIPAA

Avi sa a dekri kijan yo kapab itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou epi kijan ou kapab jwenn aksè a enfòmasyon sa yo. Tanpri gade li ak anpil atansyon.

Objektif Avi sa a

Lalwa egzije nou pou kenbe konfidansyalite enfòmasyon sèkrè sou sante ou. Avi sa a konsène tout dosye sou swen sante ak sèvis ou resevwa nan Nova Southeastern University ("NSU"). Avi sa a ap di ou kijan nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon sèkrè sou sante ou. Avi sa a dekri tou dwa ou ak sèten obligasyon nou genyen konsènan itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sèkrè sou sante ou.

I. Itilize epi Divilge Enfòmasyon Sèkrè Sou Sante

NSU kapab itilize epi divilge enfòmasyon sou sante ou, ki se enfòmasyon ki konsidere kòm enfòmasyon medikal pwoteje ki gen siy anglè ("PHI") jan sa defini nan Règleman sou Konfidansyalite Senplifikasyon Administratif nan Lwa 1996 sou Transparans ak Responsablite Asirans Medikal ("HIPAA"), pou bay tretman, pou jwenn peman pou tretman ak pou kontinye swen sante. Kategori sa yo dekri diferan fason nou itilize ak divilge enfòmasyon sèkrè sou sante ou, ki li an anglè PHI. Pou chak kategori ki pale sou kijan pou itilize oubyen divilge enfòmasyon nou pral eksplike ki sa nou vle di epi n ap ba ou kèk egzanp. Nou pa pral mete nan lis la chak sityasyon ki mande pou yo fè itilizasyon oubyen divilgasyon enfòmasyon nan yon kategori. Men, tout fason ki ba nou dwa itilize epi divilge enfòmasyon tonbe nan kategori yo ki anba a.

A. Tretman. Nou pral itilize epi divilge PHI ou pou bay, kowòdone, oubyen jere swen sante ou ak nenpòt sèvis ki gen rapò ak sa. Sa a gen ladan kowòdinasyon oubyen jesyon swen sante ou a ak yon twazyèm pati pou tretman ou. Pa egzanp, nou kapab divilge PHI ou bay yon famasi pou prepare yon preskripsyon, bay yon laboratwa pou mande yon egzamen san, oubyen bay yon

ajans pou swen sante lakay ki ap ba ou swen lakay ou. Nou kapab divilge PHI ou tou pou bay lòt moun k ap bay swen sante ki kapab ap trete ou oswa ap konsilte avèk ajans k ap ba ou swen sante konsènan swen ou bezwen. Nan kèk ka, nou ka tou divilge PHI ou bay yon moun k ap ba ou swen sante men ki pa nan lopital la paske li kapab bezwen li pa rapò ak tretman ou.

B. Peman. Yo pral itilize PHI ou otan sa nesèsè, pou voye bòdwo epi jwenn peman pou sèvis swen sante ou. Yo ka itilize PHI ou pou jwenn lajan nan men plan asirans sante w, oubyen bò kote lòt sous pwoteksyon ou genyen tankou yon konpayi asirans machin, oubyen nan yon konpayi kat kredi ou ka sèvi pou peye pou sèvis yo. Epitou, pou nou itilize PHI ou pou jwenn peman kapab mande pou nou pale ak konpayi asirans sante ou pou jwenn konsantman yo pou tretman nou rekòmande a. Pou egzanp, si yo rekòmande pou ou entene nan lopital, nou ka bezwen bay enfòmasyon ou bay konpayi asirans sante ou a pou jwenn konsantman yo davans pou entene ou. Nou kapab tou bay enfòmasyon sèkrè bay konpayi asirans ou pou konnen si ou kalifye pou benefis yo oubyen si plan sante ou asire yon sèvis espesyal ou ka bezwen. Pou nou ka jwenn peman pou sèvis nou ba ou yo, nou ka bezwen tou bay PHI ou bay konpayi asirans ou a pou demontre nesèsite medikal sèvis sa yo, oubyen paske li nesèsè pou konpayi asirans ou, pou li fè verifikasyon. Nou ka tou divilge enfòmasyon pasyan an bay yon lòt moun ki patisipe nan ka w la pou lòt moun nan ka reklame peman li. Nou ka divilge enfòmasyon ba yon biwo ki deyò pou fè reklamasyon lajan ki dwe, sa ki rele koleksyon.

C. Operasyon. Nou ka itilize oswa divilge PHI ou, otan sa nesèsè, pou pwòp fason

nou jere ka sante nou yo pou kapab fasilite jan nou fonksyone nan NSU epi bay pasyan nou yo bon jan kalite swen. Men aktivite yo ki rantr nan jan nou jere swen sante yo:

- Aktivite Evalyasyon kalite ak amelyorasyon;
- Aktivite revizyon Anplwaye;
- Pwogram fòmasyon kote elèv yo, estajyè, oubyen moun k ap bay swen sante aprann anba sipèvizyon;
- Aktivite akreditasyon, sètifikasyon, lisans, oswa kalifikasyon;
- Revizyon ak odit, ki gen ladan revize si nou an akò ak reg yo, verifikasyon medikal, sèvis legal, ak kenbe pwogram yo an konfòmite ak sa reg yo mande; ak
- Aktivite jesyon biznis ak tout sa ki konsènan administrasyon an jeneral.

Nan sèten sityasyon, nou ka divilge enfòmasyon pasyan an bay yon lòt moun k ap bay swen sante oubyen bay yon lòt plan asirans sante pou aktivite swen sante yo.

D. Lòt Jan Itilizasyon ak Divilgasyon Ka Fet. Kòm sa rantr nan fason nou jere tretman, peman, ak swen sante, nou ka tou itilize oswa divilge PHI ou pou rezon sa yo:

- Fè ou sonje yon randevou (sonje randevou a kapab fèt pa lapòs oubyen kite yon mesaj nan bwat vokal yon nimewo telefòn ou te bay);
- Enfòmè ou nan potansyèl Lwen alternatèman oswa opsyon;
- Enfòmè ou nan benefis ki asosye ak sante oswa sèvis ki kapab nan enterè ou; ak
- Pou yo ka bay rapèl renouvèlman medikaman oswa otreman kominike sou yon dwòg oswa biologiques ki se preskri ou (depans nou an pou voye sa yo kominikasyon ki gen rapò ak preskripsyon ka sibvansyone pa twazyèm pati).

E. Pou Biznis Asosye. Pafwa li nesesè pou nou anplwaye moun deyò (biznis asosye) pou ede nou jere kèk travay oubyen sèvis swen sante yo. Yo bay òganizasyon nou an sèvis sa yo, sou baz kontra ak biznis asosye yo. Kòm egzanp ou genyen antretyen òdinatè konpayi ki deyò fè, konsiltan yo ak transkripsyon dosye medical yo. Lè nou fè kontra pou sèvis sa yo, nou ka divilge PHI ou bay biznis asosye nou yo pou yo ka fè travay la nou te mande yo fè a. Menm jan an tou, gen depatman nan NSU ki ba nou sèvis, kidonk yo ka bezwen aksè a PHI ou pou fè travay yo. Nou mande pou biznis asosye yo ak lòt depatman yo nan NSU pou pwoteje enfòmasyon ou kòm sadwa.

II. Itilizasyon ak Divilgasyon Apre Tretman, Pou Peman, ak Jesyon Swen Medikal San Okenn Otorizasyon oubyen Opòtinite Pou Refize

Règ Federal sou vi prive pèmèt nou itilize oswa divilge PHI ou san pèmisyon ou oubyen otorizasyon pou yon kantite rezon ki gen ladan sa nou ekri anba yo:

A. Lè obligatwa Legalman. Nou pwal itilize oubyen divilge PHI ou lè nenpòt lwa Federal, Leta a oubyen lokal oblije nou fè sa. Nenpòt itilizasyon oubyen divilgasyon anba seksyon sa a ap fèt nan règ avèk egzijans yo epi dwe rete nan limit sa lwa sa yo mande.

B. Lè Gen Risk pou Sante Piblik. Nou kapab divilge PHI ou pou rezon ak aktivite sante piblik. Pou egzanp, aktivite sante piblik gen ladan jeneralman:

- Anpeche, oubyen kontwòle, maladi, blesi, oubyen andikap jan lalwa pèmèt sa;
- Rapòte maladi, aksidan ak evènman enpòtan tankou nesans oubyen lanmò jan lalwa egzije oubyen otorize sa;
- Fè siveyans piblik sante, investigasyon, ak entèvansyon jan lalwa egzije oubyen otorize sa;
- Kolekte oswa rapòte evènman grav ak pwodwi ki ekspire oubyen pwoblèm; swiv pwodwi FDA-reglemante; pou pèmèt yo rantrè pwodwi, fè reparasyon, ranplasman, oubyen gade sa FDA ap fè epi kontinye siveyè yon pwodwi apre yo fè reklam pou li;

• Pou avize pasyan yo sou pwodwi yo sispans yo kapab t ap itilize;

• Pou avize yon moun ki te ekspoze a yon maladi atrapan oubyen ki ka gen risk pou kontrakte oubyen pwopaje yon maladi, jan lalwa otorize sa;

• Pou rapòte bay yon boss nan travay enfòmasyon sou yon moun ki se yon manm nan travay la jan legalman yo egzije oubyen otorize sa, pou ka fè yon evalyasyon ki gen rapò ak siveyans medikal nan espas travay la oubyen pou evalye si wi ou non moun nan gen yon maladi oswa blesik ki gen rapò ak travay la; ak

• Pou rapòte bay yon lekòl sou yon moun ki se yon elèv oubyen ki pral vin yon elèv nan lekòl la, si divilge PHI a rete nan limit sèlman prèv vaksinasyon epi si Leta oubyen lòt lwa yo egzije lekòl la pou gen prèv tankou vaksinasyon anvan li admèt moun nan.

C. Pou Rapòte abi, Neglijans, oubyen Vyolans Domestik. Nou kapab notifiye otorite yo man gouvènman an, ladan yon ajans sèvis sosyal oubyen sèvis pwoteksyon, si nou gen rezon kwè yon pasyan se viktim abi, neglijans, oubyen vyolans domestik. Malgre chak moun gen yon responsablite pou rapòte abi oswa neglijans yo sispèk, gen sèten metye yo oblije moun nan fè sa. Metye sa yo, yo konsidere kòm " repòtè ki gen obligasyon pwofesyonèl," pa egzanp, pwofesyonèl sante ak pwofesyonèl sante mantal. Se responsablite repòtè yo ki gen obligasyon pwofesyonèl pou alète otorite konsène yo nan ka yo idantifye yon pasyan minè, granmoun aje, yon granmoun ki san defans kòm yon viktim nan swadizan neglijans oswa abi sispèk landan li abi seksyèl, epi pou konfòme yo avèk pwosedi kòrèk pou fè rapò a jan lalwa mande oubyen otorize sa a.

D. Pou Aktivite Neglijans Medikal. Nou kapab divilge PHI bay yon ajans ki sipèveze neglijans nan sante pou aktivite lalwa otorize tankou odit, ankèt, investigasyon ak lisans. Aktivite sa yo nesesè pou gouvènman an kontwòle sistèm swen medikal la, pwogram gouvènman an, ak si kote a an règ ak lwa dwa sivil yo.

E. An koneksyon avèk Pwosedi Jidisyèl administratif pou reponn yon lòd ki sòti nan yon tribinal jijman oubyen yon tribinal

administratif jan lòd sa a espesyalman otorize sa. Nou kapab divilge PHI ou pou reponn yon manda, rekèt pou bay dokiman, oubyen lòt pwosesis legal si nou resevwa asirans ki satisfè nou bò kote pati a k ap chèche enfòmasyon gen efò rezonab yo te fè pou asire yo te mete ou okouran de demann lan, oubyen gen efò rezonab yo te fè pou jwenn yon lòd pou pwoteje enfòmasyon yo mande a.

F. Pou Fè Respekte Lalwa. Nou kapab divilge PHI ou bay yon ofisyèl lapolis pou sèten rezon pou respekte lalwa tankou:

• Jan lalwa egzije sa pou rapòte blese ak zam oubyen lòt aksidan fizik oswa ki mete lavi an danje ki montre se yon zak vyolans;

• Yon lòd tribinal, yon manda ki sòti nan tribinal, obligasyon pou prezante nan tribinal, konvokasyon oswa pwosesis men jan an;

• Nan bi pou yo idantifye oubyen jwenn yon moun ki sispèk, fijitif, temwen, oubyen yon moun ki disparèt;

• Nan sèten sikonstans limite, lè ou se oubyen yo sispèk ou dwe se viktim nan yon krim;

• Bay yon ofisyèl pou fè respekte lalwa si NSU gen yon dout lanmò ou se te rezilta yon aksyon kriminel;

• Pou rapòte yon krim nan yon sityasyon ijans; ak

• Nan ka yon pasyan minè, granmoun aje, yon granmoun ki san defans idantifye kòm yon viktim nan yon swadizan neglijans oubyen abi ki sispèk ladan sa a abi seksyèl.

G. Pou Doktè Lejis, Direktè Ponp Finèb, ak pou Ògàn Donè. Nou kapab divilge PHI bay yon doktè leis oubyen ekzaminatè medikal pou idantifikasyon, pou chèche kòz lanmò, oubyen pou doktè leis la oswa ekzamine medikal fè lòt travay lalwa otorize. Nou kapab divilge PHI bay yon direktè ponp finèb, jan lalwa a otorize sa, pou pèmèt direktè ponp finèb la fè travay li. Yo kapab itilize ak divilge PHI la pou donasyon ògàn, zye, oswa tisi moun kimouri.

H. Pou Fè Rechèch. Nan sèten sikonstans, nou kapab itilize ak divilge PHI ou pou fè rechèch. Nou kapab kenbe tou echantyon tisi, dan oubyen san ak lòt likid ki sipoze jete apre yon pwosedi medikal pou yo ka itilize yo nan pwojè rechèch. Men, tout pwojè rechèch sa yo, dwe pase anba yon pwosesis

espesyal revizyon ak otorizasyon, komite revizyon enstitisyonèl ("IRB") la. Pwosesis sa a evalue yon pwojè rechèch ki pwopoze ak nesite pou yo itilize PHI, pandan l ap eseye balanse bezwen pou rechèch la ak bezwen pasyan yo pou kenbe PHI yo prive. Anvan nou itilize oubyen divilge PHI pou rechèch, pwojè a ta dwe déjà apwouve nan pwosesis otorizasyon pou rechèch sa a. Nan kèk ka, yo dwe mande otorizasyon ou. Nan kèk lòt ka yo kapab pa mande, nan ka kote pwosesis pase yon ti risk tou piti pou vi prive yon moun, tann otorizasyon ou pa pratik epi chèche yo montre yo gen yon plan pou pwoteje enfòmasyon an kont nenpòt move itilizasyon oubyen divilgasyon. Nou kapab divilge PHI ou bay moun k ap prepare pou fè yon pwojè rechèch, pa egzansp, pou ede yo chèche pasyan ki gen bezwen medikal espesifik, toutotan enfòmasyon medikal y ap gade a pa kite sant swen santé a. Si yon pwojè rechèch ka fèt avèk enfòmasyon sou sante kote yo retire tout enfòmasyon ki idantifye w yo (tankou non ou, nimewo sekirite sosyal ak nimewo dosye medikal), nou ka itilize oswa divilge done sa yo san otorizasyon espesyal. Nou ka itilize oubyen divilge done pou rechèch kote nou retire kèk bagay ki idantifye yon moun - dat nesans, tretman, ak enfòmasyon jeneral sou zòn nan kote w ap viv (pa adrès ou), san otorizasyon espesyal. Men, nan ka sa a nou ap fè moun ki resevwa done yo siyen yon akò pou pwoteje li kòm sadwa. Nan ka ou patisipe nan yon pwojè rechèch ki enplike tretman, yo ka refize ou dwa pou jwenn aksè a enfòmasyon sante ki gen rapò ak tretman sa a pandan pwojè rechèch la ap fèt pou yo ka konsève entegrite rechèch la. Y ap retabli dwa ou pou jwenn aksè a enfòmasyon an lè pwojè a fini.

I. Nan Ka yon Menas Serye pou Sante oubyen Sekirite. Nou kapab, pandan n ap rete konsistan avèk lwa ak konduit estanda etik, itilize oubyen divilge PHI ou si nou kwè, nan bon fwa, itilize oubyen divulge li nesès pou evite oubyen pou diminye yon menas serye epi rapid pou sante ou oswa sekirite ou oswa pou sante ak sekirite piblik la.

J. Pou Fonksyon Espesifye Gouvènman yo. Nan sèten sikonstans, Regilasyon Federal otorize NSU itilize oswa divilge PHI ou pou fasilite fonksyon espesifye gouvènman ki gen rapò ak aktivite militè yo ak veteran yo, aktivite sekirite nasyonal ak

entelijans, sèvis pwoteksyon pou Prezidan an ak lòt moun, detèmine kisa ki kòrèk nan nivo medikal, enstitisyon koreksyonèl yo, ak lòt sitiyasyon kote lapolis kenbe yon moun.

K. Pou Konpansasyon Travayè. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou konfòme l avèk lwa konpansasyon travayè an oswa pwogram menm jan an.

L. Prizonye. Si ou se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl oubyen anba gad yon ofisyèl lapolis, nou kapab divilge PHI ou bay enstitisyon koreksyonèl la oubyen ki fè ofisyèl lapolis la nan sikonstans espesifik tankou (1) pou enstitisyon an ka ba ou swen sante; (2) pwoteje sante w ak sekirite oubyen sante ak sekirite lòt moun; oubyen (3) pou pwoteksyon ak sekirite enstitisyon koreksyonèl la.

III. Itilizasyon ak Divilgasyon san Okenn Otorizasyon, men ak Opòtinite pou Refize

Nou kapab divilge PHI ou bay yon manm fanmi ou (yo), yon zanmi pwòch pèsonèl, oubyen nenpòt lòt moun ou idantifye, si bay enfòmasyon an dirèkteman gen rapò ak patisipasyon moun nan nan swen ou oubyen nan peman ki gen pou fèt pou swen ou. Nou kapab tou divilge enfòmasyon ou an koneksyon avèk efò pou jwenn oubyen avèti manm fanmi (yo) oswa lòt moun ki patisipe nan swen ou konsènan kote ou ye, kondi-syon ou, oubyen lanmò ou.

Ou gen dwa pa dakò divilgasyon yo. Si ou dakò pou divilgasyon sa yo oubyen si nou jije dapre sikonstans yo ou pa t refize oubyen nou detèmine, nan kad jijman pwofesyonèl nou, li nan pi bon enterè ou pou nou fè divilgasyon enfòmasyon ki dirèkteman gen rapò ak patisipasyon moun nan nan swen ou, nou kapab divilge PHI ou jan sa te dekri a.

IV. Itilizasyon ak Divilgasyon ou Otorize

Apa jan nou di sa pi wo a, nou pa pral divilge enfòmasyon medikal nan lòt fason pase otorizasyon ou bay alekri. Nou pral aplike pwoteksyon espesyal pou nòt sikoterapi epi nou pa pral pibliye nòt sa yo san otorizasyon ou siyen sof si se moun k ap trete ou k ap itilize yo, si se elèv yo k ap etidye sante mantal anba sipèvizyon moun

k ap trete ou la oswa si se NSU pou defann yon aksyon legal.

Nou pa ka sèvi ak enfòmasyon ou pou fè maketing oswa vann enfòmasyon pwoteje sou sante w san otorizasyon espesifik ou. Ou ka anile otorizasyon ou alekri nenpòt kilè sof nan ka nou te pran aksyon baze sou otorizasyon an.

V. Dwa Ou

Ou gen dwa sa yo konsènan enfòmasyon sou sante ou:

A. Dwa pou Li epi fè Kopi PHI ou. Ou ka li epi jwenn yon kopi PHI ou ki nan yon seri dosye ki kreye pou sa toutotan nou kenbe PHI la. Yon "seri dosye yo kreye" gen ladan dosye medikal ak bòdwo ak nenpòt lòt dosye yo te itilize pou pran desizyon ki konsène ou. Lè yo vini ak system dosye elektwonik yo, ou pa gen dwa pou aktyèlman enspekte oubyen gen aksè nan sistèm dosye medikal elektwonik la. Si w mande aksè a yon pati nan yon seri dosye yo kreye ki sou fòm elektwonik yo pral y ap enprime enfòmasyon an sou pape oubyen telechaje li nan yon disk ("CD") oubyen lòt fòm elektwonik apre demann ou an si nou kapab fasilman fè li nan fòm ou mande a.

Sepandan, dapre lwa Federal, ou pa ka li oubyen fè kopi dosye sa yo: nòt sikoterapi; enfòmasyon yo konpile pase yo t ap atann avèk rezon, oubyen pou itilize nan, yon aksyon oubyen pwosedi sivil, kriminel, oswa administratif; ak PHI ki anba kondisyon lalwa ki fè konnen, ou pa gen dwa pou gen yon refi pou aksè pou revise.

Nou kapab refize demann ou a pou li oubyen fè kopi PHI ou si, nan jijman pwofesyonèl nou, nou detèmine aksè ou mande a gen chans pou mete lavi ou oswa sekirite ou oswa lavi yon lòt moun an danje, li kapab lakòz domaj konsiderab a yon lòt moun yo fè referans nan enfòmasyon an, oswa se reprezantan pèsonèl ou ki te fè demann la epi yo detèmine reprezantan pèsonèl la sanble kapab lakòz ou menm oswa yon lòt moun sibi domaj konsiderab. Ou gen dwa pou mande pou yo retounen sou desizyon sa a.

Pou li oubyen kopye enfòmasyon medikal ou, ou dwe soumèt yon demann alekri bay Sant Swen Sante/klinik NSU a kote ou te resevwa sèvis ak voye korespondans la bay

Lyezou nan HIPAA. Kontak enfòmasyon pou Sant Swen Sante/Klinik NSU a tache nan avi a.

Si w mande yon kopi enfòmasyon ou, nou ka chaje w yon frè pou depans pou kopye, poste, oswa lòt depans ki fèt lè nou ap reponn demann ou an.

Tanpri kontakte Ofisye Konfidansyalite nou an si ou gen kesyon sou aksè dosye medikal ou.

B. Dwa pou Mande yon Restriksyon sou Itilizasyon ak Divilgasyon PHI ou. Ou ka mande nou, alekri, pou nou pa itilize oswa divilge yon seri pati nan PHI ou pou rezon tretman, peman, oswa jesyon swen sante. Ou ka mande tou, alekri, pou nou pa divilge enfòmasyon medikal ou bay manm fanmi ou oswa zanmi ki moun ki ka patisipe nan swen ou oswa pou konnen enfòmasyon jan sa dekri nan Avi sa a sou Pratik Konfidansyalite. Demann ou an dwe endike restriksyon espesifik ou mande a epi pou ki moun ou vle aplike restriksyon an.

NSU pa oblije dakò ak yon restriksyon ou ka mande. Nou pral fè w konnen alekri si nou refize demann ou fè pou yon restriksyon.

Malgre NSU pa oblije dakò ak pifò restriksyon yo, si ou peye pou tout sèvis swen sante ak lajan nan pòch epi ou pa vle yon asirans kouvri rès pati kòb la pou sèvis yo ou ka mande pou yo pa mete enfòmasyon an ki gen rapò ak sèvis sa yo nan nenpòt divilgasyon k ap fèt bay yon plan sante. Gen dwa gen sikonstans kote NSU gen yon obligasyon legal pou soumèt yon bòdwo bay yon plan sante epi li p ap kapab ofri ou sèvis ki konsistan avèk demann sa a.

Si NSU dakò ak yon demann restriksyon, nou pa ka itilize oswa divilge PHI ou pou pa nan violasyon ak restriksyon sa a sòf si li nesèsè pou nou bay tretman ijans. Si youn nan sant sante/klinik yo dakò ak yon restriksyon, restriksyon an aplike sèlman pou kote ki te dakò, sof si ou soumèt demann lan epi resevwa yon akò ekri sou restriksyon nan lòt sant sante/klinik nan NSU yo. Nan sèten sikonstans, nou kapab sispann yon restriksyon. Ou ka mande, alekri, yon restriksyon lè w kontakte Lyezon HIPAA a nan Sant Sante/klinik NSU a kote ou te resevwa sèvis yo.

C. Dwa pou Mande pou Resevwa kominikasyon konfidansyèl nan Men Nou pa Lòt Mwayen oswa nan yon Lòt Lokasyon. Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou nan sèten fason. Nou pral reponn demann ki rezonabyo.

Nou ka mete kondisyon pou nou fè akomodasyon sa a pandan n ap mande ou pou enfòmasyon tankou ki fason peman pral fèt oubyen espesifikasyon sou yon lòt adrès oubyen lòt metòd pou kontakte ou. Nou pa pral mande pou ou bay yon eksplikasyon pou demann ou an. Demann yo dwe fèt, alekri, bay Lyezon HIPAA a nan Sant Swen Sante/klinik NSU a kote ou te resevwa sèvis yo.

D. Dwa pou Mande Chanjman nan PHI ou. Ou ka mande yon amannman nan PHI ki konsène ou nan yon seri dosye ki kreye pou sa toutotan nou kenbe enfòmasyon sa yo Si ou kwè gen yon erè oswa manke enfòmasyon nan dosye nou an nan PHI ou, ou ka mande, alekri, pou nou korije oswa ajoute nan dosye a. Nan demann alekri sa a, ou dwe bay yon rezon pou sipòte demann chanjman ou mande a. Nou pral reponn nan 60 jou apre nou te resevwa demann ou an. Nou kapab refize demann lan alekri, si nou detèmine PHI la: (1) kòrèk epi konplè; (2) pa kreye pa nou menm epi/oubyen pa nan dosye nou, oubyen; (3) pa pèmèt pou yo divilge li oswa li li. Y ap di ou pouki rezon nenpòt lè yo refize ou epi eksplike dwa ou yo pou genyen demann lan ak refi a, ansanm ak nenpòt ki deklarasyon nan repons ou bay, tache nan dènye paj PHI ou a. Si nou apwouve demann pou chanjman, n ap chanje PHI a epi n ap enfòme w. Demann pou chanjman yo dwe al jwenn Lyezon HIPAA a nan Sant Swen Sante/klinik NSU a kote ou te resevwa sèvis yo.

E. Dwa pou Resevwa yon Rapò. Ou gen dwa pou mande, alekri, yon rapò sou sèten divilgasyon NSU fè ak PHI ou. Dwa sa a aplike a divilgasyon pou lòt rezon ki pa tretman, peman, oswa jesyon swen sante jan sa dekri nan Avi sa a sou Pratik Konfidansyalite. Nou pa oblije tou bay rapò pou divilgasyon ou mande a, divilgasyon ou te dakò lè ou siyen yon fòm otorizasyon, divilgasyon pou yon lis etablisman, divilgasyon bay zanmi ouswa manm fanmi ki patisipe nan swen ou, oswa kèk lòt divilgasyon yo pèmèt nou fè san otorizasyon ou. Demann nan pou yon rapò dwe fèt, alekri, bay Lyezon HIPAA a nan Sant Swen Sante/klinik NSU a kote ou te resevwa sèvis yo. Demann lan ta dwe presize nan ki peryòd pou gen rapò a. Demann yo pou rapò pa ka fè pou peryòd ki depase sis lane anvan dat demann lan. Nou pral bay premye rapò ou mande sou yon peryòd 12 mwa san okenn frè.

Ap gen yon frè pou lòt demann pou rapò ki vin apre yo baze sou yon pri ki rezonab.

F. Dwa Pou Jwenn Yon Kopi Avi sa a. Depi w mande sa, nou pral bay yon kopi separe avi sa a menm si ou te deja resevwa yon kopi avi a oubyen te dakò aksepte avi sa a sou fòma elektwonik.

G. Dwa pou Resevwa Notifikasyon sou Vyolasyon. Nou pral ba ou yon avi alekri nan ka an nou aprann gen yon vyolasyon ki pa sekirize enfòmasyon pwoteje sou sante. Nou pral fè w konnen pi vit ke posib men pa pita pase swasant (60) jou apre yo te dekouvri vyolasyon an.

VI. Devwa Nou

Lalwa egzije NSU pou kenbe konfidansyalite ki nan enfòmasyon sou sante ou epi ba ou Avi sa a ki montre devwa nou yo ak jan nou aplike konfidansyalite. Nou oblije respekte sa ki nan Avi sa a ki gen dwa chanje tanzantan. Nou rezève nou dwa pou chanje sa ki nan Avi sa a epi fè nouvo chanjman nan Avi a efikas pou tout PHI nou kenbe. N ap afiche yon kopi Avi aktyèl la sou Pratik Konfidansyalite nan chak sant swen sante/klinik nou yo. Avi a sou Pratik Konfidansyalite a pral gen anba Seksyon VIII dat efektif la oubyen dat li aplikab. Anplis de sa, chak fwa ou siyen pou sèvis nan NSU pou tretman ouswa sèvis swen sante, ou ka mande yon kopi avi aktyèl la ki aplikab la.

VII. Plent

Ou gen dwa pou pote plent bay NSU ak bay Sekretè Sante ak Sèvis Imèn si ou kwè yo te vyole dwa konfidansyalite ou. Ou ka pote yon plent bay NSU lè w kontakte, alekri, Lyezon HIPAA a Sant Swen Sante/klinik NSU an la kote ou te resevwa sèvis yo. Nou ankouraje w pou di nenpòt enkyetid ou ka genyen konsènan konfidansyalite enfòmasyon ou. Nou pa pral fè reprezay kont ou nan okenn fason paske ou pote yon plent.

VIII. Dat Efektif.

Avi sa a te aplike pou premye fwa, 14 avril 2003.

Dènye mizajou Me 2014